

**АДÆМИ ’ХСÆН ЦÆРГÆЙ ХУАРЗ КА КÆНУЙ, Е УОЙ ФИЦЦАГИДÆР ÆХЕЦÆН КÆНУЙ!..**

*КЪУМЕХТИ Юман, Озреки гъæубæсти хестæр: «Мах хестæрæй-кæстæрæй хъæбæр сæрустур ан нæ гъæуæй, æ анзфинсти зингæ цаутæ æма хабæрттæй, е ’гъдæуттæ æма æскъуæлхтдзийнæдтæй. Фал нæ сæйрагдæр сæрустурдзийнадæ ба ’нцæ нæ фæллойнæуарзагæ æма искурдиадæгин, рауон-циуон æма хъæппæресгун, характет æма фæлмæнзæрдæ адæм. Сæ кустуарзондзийнадæ æма сæ фидиуæзæгбæл сæ еузæрдиуондзийнади фæрци цитгийнаг æй нæ райгурæн гъæу æма уомæ гæсгæ ’нцæ тæккæ устурдæр арфити аккаг.*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№41 (1010) 2025 анзи 25 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман

**ГЪÆУ АДÆМÆЙ ИСГЪÆУ УЙ – Æ ФАРНÆ ДÆР УОНИ ФÆРЦИ ÆЙ!..**

## ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНÆГТИ ÆНОС



Не ’нсувæрон Кæсæг-Балхъари зæнхæбæл ка æрбунæттон æй, еци дигорон гъæу Озрекбæл исæнхæст æй сæдæ анзи. Уой фæдбæл арæзт бæрæгбони мадзæлтти рæстæг ист æрцудæй аци къарæ дæр. Æма ’й абони нæ газети фиццаг фарсбæл дæр хумæтæги нæ мухур кæнæн. Ке зæрдæ уи нæ барохс уодзæнæй аци сабиймæ кæсгæй – цæйбæрцæбæл лæггагхуз æй. Уомæ гæсгæ Цæгат Иристони æма Кæсæг-Балхъари разамонгутæ дæр уæлдай æхцæуæнæй уобæл цийнæ кæнунцæ. Сæ арфити ин куд загътонцæ, уотемæй абони гъæуи цидæриддæр хуарздзийнæдтæ арæзт цæуй, етæ ’нцæ, цæмæй кæстæр фæлтæртæн еугур фадуæттæ дæр уа зæрдрохсæй байлæгъ кæнунæн, цæмæй сæ исонибон уа райдзаст, цæмæй сæ бæлдитæ æнтæстгинæй æнхæст кæнун син æнтæса, æма си хестæртæ боз уонцæ, сæ гъæубæсти кадæ æма намус ба никки агъазиаудæр куд кæнонцæ сæ арфиаг гъуддæгутæй.

Уогæ аци гъæубæстæн æ цардиуаги еугур æгъдæуттæ æма фæткитæ сæдæ анзей дæргъи дæр бæлвурдæй еци нисанеуæгæй æнхæстгонд цудæнцæ. Æма уой фæдбæл æй Озреки цардвæндаги хабæртти туххæй нæ абони дзубанди дæр. Æрмæгутæ кæсетæ 3-6-аг фæрстæбæл.

**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

**АХСГИАГ ГЪУДДÆГ**



### ÆНЦÆ НÆ КÆСТÆРТÆ СÆРÆН, НÆ ДОГИ ÆМДЗОГÆНÆГ!..

Нури доги нæ цардиуаги ци берæ аллихузон нæуæгдзийнæдтæ фæззиндтæнцæ, етæ нин, уæлдайдæр ба хестæр фæлтæрæн, кæд цæмæйдæрти æнхæст бæлвурд нæ фæуунцæ, уæддæр уой ба лæдæрæн, æнæмæнгæ гъæугæ ке ’нцæ нæ цардиуагæ æнтæстгиндæрæй аразуни гъуддæгути. Зæгъæн, ахид æригъосæн креативон индустритæ, зæгъгæ, загъд. Уотæ хонунцæ экономики хай, кæцими товартæ æма лæггæдтæ арæзт цæунцæ интеллектуалон фæллойнæ æма исфæлдистади бундорбæл. Æма си архайунгъон ка уа, етæ ба цæттæгонд цæунцæ сæрмагонд ахургæнæндæнтти. Уæлдай æргом ба æздæхт цæуй кæстæрти ахур кæнунмæ – уонæн сæрмагондæй игонгонд цæунцæ креативон индустрити скъолатæ. Æрæги фиццаг уæхæн скъола байгон æй Цæгат Иристони дæр.

Федералон программи бундорбæл аййевæдти Лицейи æрæги байгон æй креативон индустрити фиццаг скъола. Мадзалмæ ’рбацудæнцæ Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æма Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ**.

Нæ республики культури министри фиццаг хуæдæййевæг **Рæмонти Маринæ** куд радзурдта, уотемæй нæуæг скъолайæн вазуггин ахедундзийнадæ ес.

– Креативон индустрити скъола æй 14-17-анздзуд искурдиадæгин фæсевæди нæуæг фæзæ. Аци рауæн сувæллæнттæ ахур кæндзæнæнцæ нуриккон электрон музыкæ, звукорежиссурæ, дизайн, къартæ æма видео есуни дæснийæдтæбæл.

Цуппар хайади дæр æнцæ абони царди ахсгиаг æма гъæугæ фæззелæнтæ. Фæсевæдæн хъæбæр хуарз нуриккон ефтонггæрзтæ æвæрд æрцудæй. Дууæ анзей ахури фæсте айдагъ зонундзийнæдтæ нæ райсдзæнæнцæ, фал ма æвдесæндари гæгъæди дæр. Аци нæуæгдзийнæдтæ æригæнтти сæхемæ хъæбæр æлвасунцæ, æма нæмæ нуриуæнгæ цуппар къуаремæ дæр берæ сувæллæнттæ ’рбацудæй ахурмæ. Аййевади надбæл си ке бафæндæ уа рацæун, уомæн фадуат ес мах скъолай райдайæн зонундзийнæдтæ райсунæн, – загъта Рæмонти Маринæ.

2

*ГÆДИАТИ Цомахъ (1882-1931), финсæг, æхсæнадон архайæг: «Фæллойнæ кæнун, иуæнгти æма зунди хъаурæ бæлвурд нисантæбæл харз кæнун, фæллойнæ хуарздзийнæдтæй кæнун, – гъе ейæ æй гъомбæлади æма ахур кæнуни æцæг бундор...»*

### ХУАРЗ ГЪУДДАГИ ДÆР АРÆХСТГИН ÆНХÆСТГÆНÆГ ГЪÆУЙ!..

# ÆНЦÆ НÆ КÆСТÆРТÆ СÆРÆН, НÆ ДОГИ ÆМДЗОГÆНÆГ!..



1 Сергей Меняйло æрзилдæй скъолай алли хайадæбæл дæр. Звукорежиссури студий республики Сæргълæууæгæн сувæллæнттæ равдистонцæ, еу мæйæмæ ахурти сæ къохи ци зонундзийнæдтæ бафтудæй, еци цæстуингæ æрмæг. Аци хайади æригон ахургæнæг Владислав Федотов дзурдта, звукорежиссури къабазæ нæуæгдæр уавæртæмæ ке рахизтæй, зæлтæ æма акустики кæдзос муртæй зæрдæ ке цийнæ кæнуй, сæ къæбинет ци техникæй ефтонггонд æй, уæхæн ба Цæгат Кавкази дæр ке нæйййес, уой тухxæй.

Сергей Меняйло аразийæй байзадæй нæуæг скъолай уавæртæй. Уой тухxæй æ радзубандий уотæ загъта:

– Абони цæрæн нимæцон экономикæ æма технологити рæстæги. Ци æй индустрийæ? Экономики къабазæ. Æма аци скъола дæр исуодзæнæй нæ республики экономики ирæзти агъазиаудæр хæйттæй еу. Ес нæмæ искурдиадæгин сувæллæнттæ. Мæнæ абони ци æнтæстдзийнæдтæ фæууидтон, етæ мах фæлтæри къохи æнцонтæй нæ бафтудайуонцæ, уомæн æма нин нæ адтæй гæнæнтæ. Зæгъæн, дизайн райсæн, ами гъæуама адæймагмæ, æнæмæнгæ, бæрзонд къæпхæнбæл æвæрд искурдиадæ уа, дизайни къабазæ æнцон нæй, хумæтæги хузтæ си не 'скæндзæнæ. Скъолай хайæдтæ идарддæр дæр ма кæндзæнæнцæ урухдæр, нур ба бал нæ фадуат ци амудта, уой исаразтан.

Æ радзубандий ма республики разамонæг уой дæр бахансæ кодта, æма креативон индустри нуриккон рæстæги домæн æй. Федералон æмвæзадæбæл ку цудæй дзубанди, уæд фиццагидæр амунд цудæй е, æма экономики алли къабази дæр, æнæмæнгæ, æргом æздахун гъæуй креативон индустрий райрæзти гъуддагмæ. Уомæн æма нуриккон царди ахсгиаг мадзал æй, æма си раст пайдагæнгæй, экономикон ирæзти бæрæггæнæнтæ бæрзонддæр кæндзæнæнцæ.

Æма Сергей Меняйло æхцæуæнæй загъта:

– Байгъустон æригон кизгуттæ æма биццеутæмæ æма дес дæр куд нæ кæнун, æцæг цæттæ журналисттæ æма амонгутæ 'нцæ нуриуæнгæ бал. Сæ гъудитæ æма фæндитæ куд æргом æма нифсгунæй зæгъунцæ, амонунцæ нуриккон ефтонггæрзтæй пайда кæнуни сæ арæхстдзийнадæ. Мах агъаз кæндзинан фæсевæдæн сæ нæуæг проекттæ æнхæст кæнуни гъуддæгути, уæхæн скъолатæ ба ма байгон кæндзинан нæ республики иннæ районти дæр.

***ГИБИЗТИ Регинæ***

### Æ СÆРÆН КЪАХ КÆМÆН УА, Æ КЪАХÆН БА СÆР, РÆСТВÆНДАГ ДÆР Е УОДЗÆНÆЙ!..




# ЗОНУНДЗИЙНÆДТÆЙ ЕФТОНГ – ÆНТÆСТГИН

Уæрæсей Федераций, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий гъæууон хæдзаради министрадтæ æма «Россельхозбанк»-и хъæппæресæй бундор æвæрд æрцудæй фермерти скъолайæн. Ес ин устур ахедундзийнадæ агропромышленнон комплекси ирæзтæн, гъæууон хæдзаради къабазæ æхемæ ка æлвасуй, фонс æма зæнхи куст ка уарзуй, уони фадуæттæ æма гæнæнтæ урухдæр кæнунæн.

Фермерти скъола фæззиндтæй фарæ, ахурмæ анз дууæ хатти есуй, уалдзæг æма фæззæги, фал си ахур кæнун ке фæндуй, уæхæн гъæууон хæдзарадæ уарзагæ фæсевæди нимæдзæ ба нæ республики фулдæрæй-фулдæр кæнуй. Æртиккаг къуар æмбурдгонд æрцудæй, е ба уобæл дзорæг æй, æма Цæгат Иристони гъæууон хæдзарадæмæ устур æргом æздæхт ке цæуй, æнæмæнгæ гъæугæ къабазæ ке 'й æма си алли кари адæм дæр зæрдиагæй ке архайунцæ.

Цалдæр боней размæ æртиккаг хатт байгон кодта æ дуæрттæ ахур кæнунмæ 30 адæймагемæн. Уонæй еуæндæс æнцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ. Институти ректори æндагон æма æхсæнадон бастдзийнæдти фæдбæл агъазгæнæг Махъоти Мæдинæ куд радзурдта, уотемæй нæуæг проект бавдиста, куд ахсгиаг æма гъæугæ 'й, уой.

Фæсевæд нæмæ зæрдиагæй тундзунцæ, фæндуй сæ бæлвурддæр æма арфдæр базонун зæнхæ æма фонси куст. Нур ба ма нæмæ бафтудæй кæсалгдарунади хæдзарадæ дæр. Аци хатт ахуртæ дæр сæрмагондæй уодзæнæнцæ кæсалгдарунади къабази. Цæмæдесаг кæсунцæ фæсевæдмæ нуриккон уавæртæ, ес сæмæ бæллецтæ, нисантæ, æма сæ равзурст надбæл нифсгунæй цæунцæ. Ахуртæ 'нцæ лæвар, конкурсон бундорбæл, айдагъ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæмæ еци конкурсон ихæстæ нæ хаунцæ. Æригон специалисттæ базондзæнæнцæ фермерон хæдзаради лæмбунæг гъуддæгутæ æма сæ продукцибæл бакосуни биотехнологон фарстатæ. Фермерти скъолай ахурдзаутæ 'нцæ алли дæснийæдтæбæл хуæст адæймæгутæ, фал фæндæ кæнунцæ идарддæр Гъæууон аграрон университетмæ ахур кæнунмæ бацæун, цæмæй сæхе «иссеронцæ» агропромышленнон комплекси архайди, – загъта Махъоти Мæдинæ.

Мадзал райдæдта традицион ирон æгъдауæй. Æртæ къерей æма бæгæний къосæй Цитгин Хуцаумæ искувта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий гъæууон хæдзаради министри хуæдæййевæг **Къадзати Игорь**. Бафæдзахста Дуйнескæнæгбæл нæ республики цæргути, фæсевæди æма, нæуæг проекти нисантæ æнтæстгинæй цæмæй цæуонцæ, уони. Нæуæг скъолай ахурдзаутæн арфитæ ракодта ректор **Гогати Олег**.

– Мæнæн хъæбæр æхцæуæн æй, фæсевæди нимæдзæ гъæууон хæдзаради архайунмæ фулдæр ке кæнуй. Нифс мæ ес, кæддæри хузæн нæ республики аци къабазæ æ тухи ке бацæуддзæнæй æма бабæй нæ будурти тиллæг æма фермитæ гъæздуг продукци фæлхас ке кæндзæнæнцæ, уомæй. Аци сезони æртиккаг проект æй нур, зæгъæн ес, æма агропромышленнон комплекси ирæзтмæ не 'ртиккаг байвæрæн. Еумæ базондзинан нæ бæсти фæлхасадон фарстатæ балæмбунæг кæнун æма паддзахади нисантæ 'нхæст кæнун. Хуæнхон аграрон университет ба хъæбæр хуарз бундор æй, хуæрзгъæдæ специалисттæ цæттæ кæнунæн, – загъта Гогати Олег.

«Россельхозбанк»-и цæгатиристойнаг филиали директор **Мзокти Олег** дæр райарфæ кодта мадзали архайгутæн æма фæннисан кодта, нæ бæсти фæлхасади хузæнондзийнадæ айдагъ агъазиау кустуæттæй аразгæ ке нæй, аци къабазæмæ сæхе æвæрæн ке хæссунцæ минкъий æма рæстæмбес бизнеси хæдзарæдтæ дæр.

– Нæ республики фермертæ архайунцæ сæ кусти бæрæггæнæнтæ бæрзонддæр кæнунбæл, мах ба син уавæртæ аразæн. Зæгъун ма мæ фæндуй уой, æма аци хатт фермерти скъолай ахур кæндзæнæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæ – еуæндæс адæймаги. Е агъазиау хуасæ 'й сæ социалон уагæвæрдæн, фæндуй сæ гъæууон хæдзаради архайун, æма син еци фадуæттæ ес, – загъта Мзоки-фурт.

Фермерти скъолай ахуртæ цæудзæнæнцæ дууæ мæйи æма æрдæг. Æртæ сезоней рауагъдонтæ сæ продукций хузтæ мадзали архайгути размæ рахастонцæ. Ка цæбæл исахур æй, ци базудта, еци хуæруйнæгтæ равардта сæрмагонд равдисти. Аци рауæн фæууинæн адтæй дзоли алли хузтæ, халсартæй конд хуæруйнæгтæ. Фæсевæд гитари зæлтæмæ иссугътонцæ сæ традицион символикон арти зинг дæр, уæдта рандæнцæ аудиторитæмæ сæ ахури лекцимæ.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**Æнæгъæнæ дуйнебæл игъустгонд гъæбесæйхуæцæг Хъанухъти Дударихъой фурт Болай райгурдбæл аци анз исæнхæст æй фондз æма астинсæй анзи (1860-1922).**

*Даниил ГРАНИН (1919-2017), Устур Фидибæстон тугъди архайæг, финсæг: «Æ евгъудадæ бæлвурдæй ка нæ зонуй, еци адæмæн исонибон нæййес... Зæрдæбæлдарæнтæ ци адæймагæн нæййес, е æй æнæ уедæгтæ бæласи хузæн. Æ зæрдæбæлдарæнтæй ка фенæхай æй, еци адæмæн нæййес исонибон...»*



# ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНÆГТИ ÆНОС...

**Озреки цардиуагæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ ци фæрнæйдзаг æгъдæуттæй федауй, уонæн сæ сæйрагдæртæй еу æй, се 'мвæрстæ цæрæг адæмихæттити минæвæртти хæццæ син хæлар рахастдзийнæдтæ табуйаг ке 'нцæ, е. Сæ кæрæдзей гъуддæгути æнсувæронæй архайæг æнцæ. Мæнæ нур дæр зæрдиагæй, нæ фидтæлти æгъдæуттæмæ гæсгæ озрекæгтæ исæмбалдæнцæ, сæ бæрæгбони архайунмæ сæмæ синхаг гъæутæй ци иуазгутæ 'рбацудæй, уонæбæл.**

Цæгат Кавкази берæ æности дæргъи æмвæрстæ цæрæг адæмти медастæу рахастдзийнæдтæ аллихузон куд нæ рауайиуонцæ, æрцæуидæ си хæлхъойтæ æма буцæутæ дæр. Фал етæ цæстфæнникъулди хузæн рæстæгмæ уиуонцæ – думгæ 'рбадумдта æма фæццидæр æй, ци ругæ исиста, е фæссатар æй. Æносон ба уидæ, æй æма ма, федарæй ни æруагæс кæнуй, уодзæнæй се 'хсæн хæлардзийнадæ, сæ кæрæдзебæл æновуддзийнадæ.

Уомæн ирдæй-ирддæр æвдесæн æй Озрек – уæртæ кæд æма кæд Дигоргомæй раледзæг дигорон муггæгтæ хецæн гъæуæй æрбунат кодтонцæ Кæсæг-Балхъари зæнхитæбæл. Æма си нур сæдæ анзей дæргъи æнсувæрон цардæй цæрунцæ. Рæстæгути æзмæнститæ дæр син нæ фæллæкъун кодтонцæ сæ еци æгъдау.

## КУТЕМÆЙТИ РАВЗУРДÆЙ ÆМА ЦИ АМОНУЙ ГЪÆУИ НОМ?..

Историй аллихузон цаутæ æма ирисхъи фæззелæнтæ дигорон-ирон адæми дуйней ци рауæнтæмæ ба нæ фæххастонцæ, кæмити сæ нæ ниххæлеу кодтонцæ, уæхæн рауæнтæ, æвæдзи, нæбал байзадæй. Рагон скифтæ-сарматти, астæуккаг æности аланти байзæдтæгтæ еумæ уæлдай фулдæргæйттæй цæрун байдæдтонцæ Цæгат æма Хонсар Иристони, Гурдзий, Стъараполи, Кæсæг-Балхъари, Турки æма æндæр кæмидæрти.

Уотæ рауадæй нури гъæу Озреки цæргути фидтæлти хабар дæр. Гъæуи равзурди анзфинсти уедæгтæн ес рагон бастдзийнæдтæ дууæ синхон адæмихаттей 'хсæн. Озреки истори æвдесæн æй, раздæр кæсгон æлдæрттæ айдагъ хъалон ке нæ истонцæ сæ синхæгтæй, фал багъæуаги рæстæг сæ фарс бадарунгъон дæр ке адтæнцæ, уобæл. Сæ къохи ци лигъз будуртæ адтæй, уонæми цæрæнбунæттæн зæнхи гæппæлтæ радех кæниуонцæ, тухст ка æййафта, еци æгудзæг адæмæн.

Уæлдай фулдæр æма федардæр бастдзийнæдтæ ба кæсгæнттæн адтæй евгъуд æноси райдайæни Дигори комæй хуæздæр царадагор ци адæмтæ рафтудæй, уони хæццæ.

Уомæн æвдесæн æй Кæсæги зæнхитæбæл кæддæр ци дигорон гъæу исæвзурдæй, е дæр. Уой анзфинст нецæмæй уæлдай хецæн кæнуй, цалдæр сæдæ анзей размæ сæ фур тухстæй хуæнхти унгæг цъæстæмæ ка бафтудæй æма тухмадзæлттæ ка кодта, цæмæй бустæгидæр сæ фæд ма фесæфа, еци иннæ адæмти цардвæндаги хабæрттæй.

Дзурд «Озрек» ци амонуй, е абони уæнгæ дæр æнхæст бæлвурдгонд нæма 'й, фал адæмон дзоргæ исфæлдистади ба еци ном ахид æмбæлуй: «Озреки зæнхæ» – 120 гектарей фæзуат, «Озреки сауæдонæ», «Озреки обау». Фулдæр адæм хуæст æнцæ уæхæн гъудибæл, гъома, «Озрек» амонуй лæги ном, аци сонгун зæнхитæбæл, æнæбайсусгæ сауæдæнттæ æма гъæдрæбунтæбæл фиццагидæр ка æрцардæй, уой ном. Æцæг ка адтæй æма си кæд æрцардæй, е ба бæлвурдгонд нæма 'рцудæй. Гæнæн ес, æма аци рауæнти ногъайæгтæ цæугæцард кæнгæй ку басабур æнцæ, кенæ си кæсгон адæм ку æрбундорон æнцæ, уæд исæвзурдæй ном дæр. Фæстæдæр Озреки ном ци сауæдонæ хæссуй, уой рæбунти адæм аразун райдæдтонцæ сугъд æргъæй аллихузон хæдзари дзаумæуттæ. Ами, обауи рæбунти, уæхæн сæстдзæгтæ берæ разиндтæй.

Дзурд «Озрек»-и хæццæ ма баст æй, кæсгон адæми дзоргæ исфæлдистади таурæхъ «Озрэджь и лэу» дæр. Таурæхъмæ гæсгæ ами гъæдрæбунти фæззиндтæй устур тускъа, кæци буларæ уагъта бунæттон цæргутæбæл. Æхсаргин лæг Озрек соми кодта, еци тускъа рамаруни туххæй, фал æхуæдæг фæммард æй гъæддаг сирди хæццæ тохи. Ес ма æ хæццæ баст æндæр гъуди дæр.

Дзурд «Озрек» ногъайагау амонуй «мæлæтхæссæг æндзæр». Еци хабар еуцæйбæрцæдæр секкаг æй, уомæн æма, куд дзорунцæ, утемæй орзеккæгти рагфидтæлтæ 'й уотæ исхудтонцæ. Лескен æма Прохладный кæрæдземæ ци над еу кæнуй, уобæл абæргутæ ахид бадтæй æма фæндаггæнтти рацæун нæ уагътонцæ æнæ бастъегъгæй, æнæ рамаргæй.

«Озрек», зæгъгæ, ами ци обау ес, е дæр æрдзон искондбæл нимад нæ цæуй. Æ бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ 'рцудæй къохæй конд. Æвæдзи, ци адæм си цардæй æ рæбунти, уони раздзæуæг ку фæммард æй, уæд арæзт æрцудæй æма уой ном байзадæй обаубæл.

Озреки фиццагидæр æрцардæнцæ Анзорти гъæуæй æрбаледзæг адæм. Бунæттон цæргутæ хуарз дзорунцæ æма лæдæрунцæ кæсгон, дигорон, уруссаг æвзæгтæбæл.

## ЦАРДÆН ХУÆЗДÆР РАВГИТÆ АГОРГÆЙ

Историон бæрæггæнæнтæ куд амонунцæ, утемæй хуæнхаг унгæг кæмттæй Озрекмæ фиццагидæр адæмтæ сæ цæрæнбунæттæ æййевун райдæдтонцæ XIX æноси æмбеси. Идард æма гъезæмайраг адтæнцæ сæ цардæн хуæздæр уавæртæ иссеруни фæдбæл сæ рацо-бацоти нæдтæ. Историон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ дигорæнттæ ахæстонцæ Централон Кавкази хуæнхрæбунти еу хай. Нигулæнæрдигæй æмарæнеуæг кодтонцæ Ассий, цæгатæрдигæй ба – кæсгæнтти хæццæ. Сæ еу хай рацудæй Донифарсæй æма бал рæстæгмæ æрбунæттон æнцæ Тæторси хезнити, фæстæдæр ба сæхе æристонцæ «Тургътæмæ». Дууæ рауæнеми дæр æрцæрæг адæм устур гъæуагæдзийнæдтæ æвзурстонцæ, ниуазуни дон си ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ. Æма бабæй еу рæстæги фæсте ба сæхе никки æндæр рауæнмæ æристонцæ – Хæзни коммæ, Хæзни дони билгæрæнттæмæ æма сæ бунат исхудтонцæ – Гъæууат. Ами дæр бабæй сæмæ æнгъæлмæ кастæнцæ фудæвзарæнтæ: сæхуæдтæ дæлæндзæр цардæнцæ, сæ фонси скъæттæ æма истæнттæ ба уæлвæзгомау адтæнцæ æма сæ алли бон дæр гъудæй хæрдмæ-урдугмæ дууердæмæ кæнун. Къахнад ба уотæ нарæг адтæй æма си дууæ фестæгдзæуæг лæгемæн еувæрсти рахезæн нæ уидæ. Еууæхæни еци нарæг къахнадбæл æд æхсирæйдзаг гæбæти хæццæ æрцудæй нæуæг сувæллонгин æригон киндзæ. Надбæл фæггурдæй æма, адагæмæ рахаугæй, фæммард æй. Силгоймаги реутæй æхсир æндæмæ калдæй. Уомæ гæсгæ ба еци къахнад исхудтонцæ «Æхсирвæндаг». Карз уарунтæ ку 'рцæуидæ, уæдта дон райвулидæ æма цалинмæ фæстæмæ æ уагæ иссеридæ, уæдмæ æ сæрти галуæрдунæн дæр бахезæн нæ уидæ иннæ билгæронмæ. Кæд цийфæнди зиндзæрæн адтæй ами дæр, уæддæр си цæргутæ дзæвгарæ фулдæр рæстæг рафæстеуат æнцæ. Еци рæстæг си фæззиндтæй Хъæбанти уæлмæрдтæ дæр. Уой фæсте бабæй цæргутæ рахуæстæнцæ будуртæгъæдтæбæл хуæздæр цардагор æма æрбунæттон æнцæ, нуртæккæ балхъайраг гъæу Ташлытала кæми æй, уомæй еу-8-10 километри дæлдæр рауæни.

Ами алфамбулай гъæдтæ, хезнитæ, дæнттæ дзæвгарæ фулдæр адтæй, фал бабæй ами дæр берæ нæ басабур æнцæ амондагор адæм. Дæлдæр бабæй 15-20 километри 'рцæугæй, æрлæудтæнцæ Лескени цæугæдони билгæрæнтти.

Аци бунат исхудтонцæ – Найæнтæ. Хуарз рауæнтæ си адтæй фонс дарунмæ, ниуазуни дон дæр фæндон, фал си хумзæнхитæ ба неци уоййасæбæл адтæй.

Ами, Найæнти, ма сæбæл 1855 анзи бафтудæй цуппар æма инсæй биййонти Кетæй, Къумбултæй. Уордигæй дæр бабæй рахуæстæнцæ дæлдæр æма 'рбадтæнцæ дуккаг Лекскен æма Аргудани астæу бунати. Ами гъæддаг æхсинцъитæ дзæвгарæ ирæзтæй фæхстæбæл æма 'й исхудтонцæ «Æхсинцъитæ». Еу-инсæй бонемæй фулдæр си нæма радзебæл æнцæ, утемæй, ке зæнхитæбæл æрбунæттон æнцæ, еци æлдар Анзорти Хъæйсæни стражниктæ сæбæл исцурæвæрæ 'нцæ æма æвæстеуатæй фегъосун кодтонцæ æлдарæн, дзæвгарæ дигорæнтти къуарбæл ке исæмбалдæнцæ, еци хабар. Хъæйсæн сæмæ рарвиста, цæмæй сæ равзурст лæгтæй цалдæр æрбацæуонцæ æ тургъæмæ. Фал дигорæнттæ, оххай, æхецæн нæ цагъартæ ку искæна, зæгъгæ, расагъæс кæнгæй, еци бунатæй фæстæмæ рахуæстæнцæ сæ раздæри бунат «Кекуз»-мæ. Дуккаг бонизæрмæ фенгъæлмæ кастæй Анзори-фурт минæвæрттæмæ, æма си ку неке разиндтæй, уæд бабæй сæ фæсте бæхгинтæ рарвиста. Ку нæ син бакумдтонцæ дигорæнттæ, уæдта син сæ фонси æргъæуттæ рамбурд кодтонцæ æма сæ сæ разæй æлдари гъæумæ ратардтонцæ. Ци гæнæн ма адтæй дигорæнттæн… Æма сæ фонси фæдбæл рацудæнцæ.

4



Озреки хестæртæн сæ гъæуи бæрæгбони фæдбæл зæрдиаг арфитæ ракодта Кæсæг-Балхъари разамонæг Казбек КОКОВ.

Фараст æма инсæй анзей размæ Хъусати Берди хъæппæресæй бундор æвæрд æрцудæй Заманхъулæн – абони Цæгат Иристони цитгиндæр гъæутæй еуемæн.

***ХЪÆБÆЛОТИ Заирæ, Цæгат Иристони æскъуæлхт дохтир: «Алли адæймагæн дæр, æвæдзи, райгурæн гъæуæй хъазардæр, уарзондæр неци ес. Æз дæр æнæкæрон уарзтæй уарзун, мæ райгурæн гъæу Озрек. Фæндуй мæ айдагъдæр ин æ хуарздзийнæдтæ уинун, е 'нтæстдзийнæдтæ игъосун. Мæхе кæдæй зонун, уæдæй нурмæ си лимæнæй цæрунцæ берæ адæм. Ме 'хцæуæндæр имисуйнæгтæ, мæ сабийбонтæ баст æнцæ Озреки хæццæ. Фæстæдæр ахури фæдбæл***






# ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНÆГТИ ÆНОС...

3

Анзори-фурт разиндтæй дигорон Туйгъанти хуæрифурт. Хуарз зудта дигорон æвзаг æма æнæ еске агъазæй æхуæдæг сæ хæццæ дзорун райдæдта. Ку базонгæ 'нцæ, уæд син зæрдæ байвардта, зæнхитæ, хезнитæ, игуæрдæнтæ син лæвар ке ратдзæнæй, куд æ мади æрвадтæлти æмбæстæгтæ, уотæ, цæмæй æ рази цæргæй байзайуонцæ. Дигорæнтти фулдæр хай ин æ зæрдæвæрæн дзубандитæбæл нæ бауæндтæнцæ æма ин арфæ ракæнгæй, ракурдтонцæ, цæмæй син сæ фонс фæстæмæ ратта æма сæхемæ раздæхонцæ. Анзори-фуртæн гæнæн нæбал адтæй æма фаэтон рарвиста æ мадæмæ. Е ку 'рбахъæрттæй, уæд ин Хъайсæн балæдæрун кодта, еци адæмæн лæвар зæнхитæ ке дæттуй æма ибæл ке не 'ууæндунцæ, еци хабар. Уæд сæмæ Хъайсæни мадæ æхе рахадта æма син кæддзос дигоронау балæдæрун кодта:

– Цалинмæ æз æгас уон, уæдмæ уæ некæд неке бахъор кæндзæнæй...

Уæддæр ма дигорон адæми минæвæрттæй кадæртæ дузæрдуг кодтонцæ… Æма уæд силгоймаг æ реутæ байгонгæнгæй, æхе æ фуртмæ разилдта æма ин ниуосиат кодта:

– Мæ реутæй ци æхсир бакайдтай, е дин макæд ниххæлар уæд, ду аци адæми ку бафхуæрай, уæд…

Æ фурт æ сæр æргубур кодта æма загъта:

– Амменæ.

Æма ибæл гъеуæд бауæндтæнцæ дигорæнттæ. Уой фæсте син сæ фонс фæстæмæ фæттæрун кодта æ гъæуайгæстæн æма æрбундорон æнцæ Анзорти гъæуи. Уæди размæ XIX æноси 20-30-аг æнзти ами цардæнцæ дигорон бонгин Хъабанти муггаг кæми цардæнцæ, уоми. Хъабантæн ба еци фæзуат æ рæстæги равардта инæлар Ермолов.

## ДИГОРОН ХУÆРИФУРТ Æ ДЗУРДÆН ХЕЦАУ РАЗИНДТÆЙ

Хъабанти гъæууати æрцæргæй ин дигорæнттæ æ ном нæбал раййивтонцæ. Анзори-фурт æ дзурд нæ фæссайдта, радех син кодта сонгун зæнхитæ. Гъе уотемæйти æрбундорон æнцæ дигорæнттæ Кæсæги зæнхитæбæл.

Хъабанти гъæуи цæргутæй арæхстгиндæр æма амалгъондæр ка адтæй, уони 'хсæн фæззиндтæй æхебæл ка исхуæстæй, æма зингæ гъæздугдæр ка фæцæй, уæхæн цæрæг хæдзæрттæ. Зæгъæн, Хъæбæлоти Муссæмæ фæззиндтæй агори-гъосингæнæн минкъий завод. Агоридор содзуни кустити рæстæг пайда кодта ихуæрст косгутæй. Уой уæлæнхасæн ма имæ адтæй мæнæуæ æма æндæр æфсерæгун хуартæ инайæгæнæн донæйкосгæ машинæ, къирсодзæн гарна. Хъабанти гъæуи ма фæззиндтæй æртæ тукани. Уæйæ си кодтонцæ промышленнон товартæ æма хуайраги продукттæ. Инайæгæнæн техникæ ма фæззиндтæй Къумехти Хадзибекирмæ, Кокойти Дзамæрзæмæ, Хъæбæлоти Хадзимæтмæ ба адтæй донæй ка куста, уæхæн инайæгæнæн. Тукæнтти уæйæ кодтонцæ хъумæцтæ, сæкæр, адгийнæгтæ, цæнхæ, сапойнæ. Адтæнцæ Хъæбæлоти Мусай, Хъæбæлоти Науруз æма Галачити Ахмæти къохти.

Хъабанти гъæуи цæргутæ сæйрагдæр кодтонцæ зæнхи æма фонси куст. Ирæзун кодтонцæ нартихуар, хъæбæрхуар, æндæр хуайрæгти муггæгутæ, æнтудтонцæ сторвонс, бæхтæ, листæгвонс.

Еу къуар ба си 1912 анзи Америкæмæ дæр рафтудæй, æхцай ести фæрæзнитæ бакосуни туххæй.

Мадта тугъдон гъуддæгути дæр гъæубæстæй беретæ фескъуæлхтæнцæ. Сæхе æхсаргинæй равдистонцæ Уæрæсе æма Японий тугъди рæстæг 1904-1905 æнзти Къумехти Хаджибекир, Кокойти Гуже, Габачити Альджук, Галачити Аслан æма иннетæ.

Ардигон нæлгоймæгтæй кадæртæ архайдтонцæ 1877-1878 æнзти уруссаг-турккаг тугъди дæр: Темирхъанти Тæтæрхъан, Цæрикъати Бекир, Кокойти Берик æма иннетæ. Фиццаг дуйнеуон тугъди ба сæхе бæгъатæрæй равдистонæ Темирхъанти Алибег æма Батæрбег, Таухъазахти Дота, Кокойти Алихан, Галачити Басо, Шехинати Джимæт æма Цæрикъати Батæрбег.

## ÆЗНÆТ ДОГИ БУРДÆНТИ ЛÆГДЗИЙНАДÆ БАВДИСТОНЦÆ

Евгъуд æноси райдайæни ку иситинг æй тох нæуæг цардарæзт æрфедар кæнуни фæдбæл, уæддæр си еуварс нæ адтæнцæ. Къумехти Хаджибекир 1918 анзи архайдта Нальчикки зилди номæй Терки облæсти адæмихæттити съезди Мæздæги. Гъæуи цæргутæн фиццагидæр е фегъосун кодта, съезди рахаст унаффæ, гъома, зæнхæ ист цæуй сæ хецæуттæй æма лæвар дехгонд цæудзæнæй хумæтæг зæнхкосгути 'хсæн. Беретæ никкалдтонцæ сæ тог, советон цардиуагæ цæмæй æрфедар адтайдæ бунæтти, уой сæрбæлтау. Сæ нихмæ тохгæнгутæй – уорсгвардионти раздзæуæг инæлар Серебряков. Æгъатирæй бавдиста æхе. Зæгъæн, 1918 анзи сентябри ку базудта Нальчикки революцион тухтæ ке нæййес, уой, уæд е фсæдтæ ецирдæмæ исаразта. Нихкъуæрддæттæг ин нæ фæцæй æма Нальчик байахæсгæй, идарддæр рахуæстæй Нæртон æма Урванмæ. Еци хабар базонгæй, ецирдигон сурх партизанти раздзæуæг Жирослан Гурфов фæдздзурдта ревлюционертæмæ – керменисттæмæ, цæмæй син фæййагъаз кæнонцæ. Æма етæ дæр, сæ сæргъи Тæкъоти Семен, уотемæй Аргудани бунмæ истухтонцæ уорсити нихмæ. Æртæ бони нæ басабур æй топпадзагъд дууердигæй дæр, беретæ си фæммард æнцæ, куд уорситæй, уотæ сурхгвардионтæй дæр. Еци тохи рæстæг Хъабанти гъæуккаг Хъæбæлоти Иссæ арæсæн исаразта æма æхе къохæй мæрдтæмæ барвиста дууадæс уорсгвардиони, фал æхуæдæг дæр фæммард æй. Æртиккаг бон Хъæбæлоти минæвæрттæ, сæ хæццæ ба ма гъæуæй цуппар æма инсæй, уотемæй багъавтонцæ ин æ мард æгъдауæй байвæрунмæ, фал сæ уорситæ æрахæстонцæ æма сæ гъæуама фехстайуонцæ. Фал, сæ амондæн, Галачити Тазейæн уруссаг афицерти 'хсæн зонгитæ разиндтæй, æма сæ уой фæрци рауагътонцæ.

Уорсгвардионтæ Дуккаг Лескен, Зæронд Лескен æма Хъабанти гъæутæмæ ку 'рбахæстæг æнцæ, уæд цæргутæ сæхе тар гъæдтæмæ райстонцæ. Æнæгъæнæ къуæре Серебрякови æфсæддонтæ гаффет кодтонцæ цæргути мулки мортæ, æвгарстонцæ син сæ фонс. Серебряков бардзурд равардта, цæмæй лигъдонтæн фегъосун кæнонцæ, фæстæмæ гъæумæ ку нæ æрæздæхонцæ, уæд син сæ цæрæнтæбæл арт ке бандзардзæнæнцæ, уой туххæй. Адæмæн гæнæн нæбал адтæй æма гъæдæй фæстæмæ æрæздахтæнцæ. Еци рæстæгути цæргутæ ци фудæбæнттæ бавзурстонцæ, уонæн зæгъæн дæр нæййес.

Уæлдай уæззаудæр рæстæг адтæй партизантæн 1919 анз. Кæсæг-Балхъар æма Цæгат Иристонмæ лæбурдтонцæ Къибири-фурт, Бичерахи-фурт æма Серебрякови еугонд уорсгвардион æфсæдтæ. Хъабанти гъæуи цæргутæ сæ бартæбæл тохгæнгæй, цудæнцæ партизанти рæнгъитæмæ.

Кæсæг-Балхъари советон хецаудзийнадæ ку æрфедар æй, уæд гъæуи арæзт æрцудæнцæ революцион комитеттæ Хъабанти гъæуи ревкоми фиццаг сæрдарæй æвзурст æрцудæй Къумехти Хаджибекир, куд партизан, революций æма адæми æновуд сæрбæлдзорæг æма архайæг.

Советон хецаудзийнадæ ку æрфедар æй, уæдмæ Хъабанти гъæуи цæргути 'хсæн исæвзурдæй нæуæг фарста – сæ цæрæнбунат раййевуни фæдбæл. Гъуддаг уой медæгæ адтæй, æма цæргутæн сæ хумзæнхитæ æвæрд адтæнцæ гъæуæй 12-15 километри идарддæр. Уомæ гæсгæ ба хумæ кæнуни æма тиллæг æфснайæн рæстæгути сæ рæстæги фулдæр хай харзгонд цудæй уордæмæ рацо-бацо кæнунбæл, кæми ба багъæуидæ уоми æхсæвеуат кæнун.

## СÆХЕЦÆН ЦИ ИСБÆЛДАТ КОДТОНЦÆ, Е СИН ÆНТÆСГÆ ДÆР КОДТА

Гъæуи цæргутæ еци фарста ниллух кæнун байхæс кодтонцæ Хъæбæлоти Муса, Къумехти Хаджибекир æма Цæрикъати Хадокшукойæн. Фал облæсти разамунд 1922 анзи ци фарста рафæстæдæр кодта, гъома, уомæн гæнæн нæййес, облæсти зæнхарæзтади фæткитæ уой фудæй ихæлд ке 'рцæудзæнæнцæ, уомæ гæсгæ. Фал цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте зæнхитæ дехтæ кæнун бабæй ку байдæдтонцæ, уæд еци фарста дæр лухгонд æрцудæй. Æма уæд Хъабанти гъæуи цæргутæн дæр барæ лæвæрд æрцудæй сæ хумзæнхитæмæ хæстæгдæр æрцæрунæн, æма сæ берæ зиндзийнæдтæй фæууæгъдæдæр унæн.

Озреки æхсæнади 1925 анзи исбæлвурд кодтонцæ сæ цæрæнбунат кумæ раййевдзæнæнцæ, еци рауæни арæнтæ – Урвани районi цæугæдон Урушонки билгæрон. Еци-еу рæстæг хъаллæ Александровскайи æма Зæронд Урухи гъæумæ сæ зæнхитæ æгæр хæстæг æвæрд ке адтæнцæ, е дæр сæ сагъæси æфтудта. Гъудæй зæнхи гæппæлтæ байиевун æма си алкæмæн дæр хецæн хæйттæ байуарун… Озрекæгтæн зæнхитæ ке нæ хъæрттæй, уомæ гæсгæ æнæ фæззегæндæ байзадæнцæ. Фарста ниллух кæнун

## БÆРÆГБОНИ АРФИТÆ



**Сафарби ИНЖИЖОКОВ, Кæсæг-Балхъари Лескени муниципалон районi администраций сæргълæууæг: *«Абони Озреки цæргутæй уæлдай боз уомæй ан, æма сæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ æма уодварни алæмæтдзийнæдтæ æновудæй гъæуай куд кæнунцæ, уотæ ма сæ сæхе фарнæхæссæг гъуддæгутæй гъæздугдæр кæнунцæ. Сæ хæлардзийнадæй, сæ кæрæдзебæл æмбастдзийнæдтæй нæ районi еугур цæргутæн дæнцæн дæр æнцæ. Е хъæбæр устур хуарздзийнадæ 'й. Озрекбæл кæд æноси бæрцæ æнзтæ рацудæй, уæддæр нерæнгæ ма æригон гъæу æй. Нæ зæрдæ дарæн, идарддæр дæр ма никки устурдæр æнтæститæ сæ къохи ке бафтуйдзæнæй, уобæл».***

*рацудтæн Дзæуæгигъæумæ, æма, кæд берæ æнзти цæрун æма косун Иристони, уæддæр мæ рæсугъд фунти дæр Озрек фæимисун. Алли гъæуæн дæр кадæ æма намус кæнунцæ æ цæргутæ. Æз дæр сæрустур дæн, куд мæхе, Хъæбæлоти муггаги, уотæ ме 'мгъæуккаг иннæ муггæгти минæвæрттæй. Сæ цард, сæ арæхстдзийнадæй, сæ берæ æнтæститæй зундгонд æма уарзон ка 'й, уонæй...»*





# НЕЦИ ÆЙ ИРОНХ, НЕКЕ ÆЙ ИРОНХ...

**Устур Фидибæстон тугъди рæстæг рæстуодæй ка бахъиамæт кодта, уони ирисхъи туххæй аци загъд цæйбæрцæбæл табуйаг æй нæ адæмæн, е бæлвурдæй бæрæг æй Озреки дæр. Немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи Райгурæн бæсти сæрбæлтау гъæуккæгтæй æ цард ка иснивонд кодта, уони номерæнæн гъæуи бæрæгастæу æвæрд æй циртдзæвæн (æ къарæ – галеуæрдигæй).**

**Иннæ циртдзæвæн ба æвæрд æй, немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ Озреки уæнгæ ку исхъæрттæнцæ, уæд сæ нихмæ тохи ка фæммард æй, еци æдзард советон тугъдонти номерæнæн. Æвæрд æй, нæ æдзард тугъдонти гъæуи астæуккаг скъолай тургъи ци æнсувæрон цирти байвардтонцæ, уой сæргъи.**



гъудæй, сæ фонс кæми хизтайуонцæ, уой фæдбæл дæр. Гъæдти æрдозти син хезæн нæ адтæй.

Инженер-зæнхитæдехгæнæг Попови хæццæ цалдæр специалистемæй 1925 анзи исаразтонцæ Озреки гъæунгтæ æма хæдзæртти æвæрди пълан. Еци анз фæззæги Озрекмæ 'рбалигъдæнцæ тæккæ фиццаг Темирхъанти Саулох, Къумехтæ, Габачитæ æма Кокойтæ, æдеугурæй дæс хæдзари. 1926 анзи сæрди ба ардæмæ 'рбаййивтонцæ иннæ цæргутæ дæр – 202 бийнонти, 1084 адæймаги. Дигорæнтти хæццæ ма Зæронд Лескенæй ардæмæ 'рбалигъдæнцæ кæсгæнттæ дæр: Хъардантæ, Туповтæ, Кожевтæ æма етæ дæр бунæттон цæргутæ иссæнцæ.

Гъæуи цæргути цард æма архайди 30-аг æнзти ци æйййивддзийнæдтæ 'рцудæй хуæрздæрæрдæмæ, етæ комкоммæ баст адтæнцæ колхозон арæзтади хæццæ. Анзæй-анзмæ фулдæргæнгæ цудæнцæ цæргути материалон æфтуйæгтæ, ирæзтæй сæ културон æмвæзадæ дæр. Тугъди размæ цалдæр анземи колхози æфтуйæгтæ исхезиуонцæ 700 мин соменæй фулдæрмæ. Уой фæрци æлхæд цудæй нæуæг гъæуунхæдзарадон техникæ, гъæцæнтæ. 1940 анзи гъæуи арæзт æрцудæй клуб – адтæй си 250 бунати, донæйзелгæ дууæ куройни, агори–гъосинаразæн завод, хецаудзийнади азгъунст, скъола, адтæй си 250 бунати, дууæ бæхдарæни æма фонсдарæн ферми.

## ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ УОДУÆЛДАЙÆЙ ХЪИАМÆТ КОДТОНЦÆ...

Амондгун æма нивгун цардæй æфсес адтæнцæ Озреки цæргутæ, фал куд еугур советон адæмтæн, уотæ уонæн дæр сæ цийнадæ æнай-æнойти æрбасатар æй, немуцаг-фашистон æрдонгтæ нæ Райгурæн бæстæмæ гадзирахаттæй ке 'рбалæбурдтонцæ, уой фудæй. Куд нæ бæсти еугур дзиллитæ, уотæ озрекæгтæ дæр æмхузонæй исистадæнцæ сæ уарзон Фидибæстæ багъæуай кæнунмæ.

Тугъди тæккæ райдайæнти гъæуæй тугъдмæ фæннæхстæр æнцæ цуппаринсæй тугъдони. Æнцад нæ бадтæнцæ къилдуми косгутæ дæр. Сæ бон цæмæй адтæй, уомæй архайдтонцæ Советон Æфсадæн агъаз кæнунбæл. 1941-1942 æнзти колхозон будуртæй цидæриддæр тиллæг исистонцæ, е фронтмæ æрвист æрцудæй. 1943 анзи райдайæни ба цæргутæ æрæмбурд кодтонцæ 200 мин соми æма сæ равардтонцæ Сурх Æфсади фондмæ, тохæнгæрзтæ амал кæнунæн. 1942 анзи 22 октябри знаги æфсæддон хæйттæй кæцидæртæ 'рбайервазтæнцæ Озрекмæ дæр. Гъæуи цæргутæ раистадæнцæ сæ нихмæ, фал сæ хъауритæ ба æмхузон нæ разиндтæнцæ. Знаги нихмæ тохгæнгæй, еци бæнтти сæ цард равардтонцæ еуæндæс сурхæфсæддони. Гъæуккæгтæ, немуц уордиги ку фæлледзæги 'нцæ, уæд сæ байвардтонцæ бунæттон скъолай тургъи æнсувæрон цирти. Сæхе хъауритæй син ниввардтонцæ циртдзæвæн дæр.

Фашисттæ гъæуи фæуугæй си фехалдтонцæ гъæууон клуб, гъæусовети азгъунст, хуæрæндонæ, бригадити фарастуатон цæрæнтæ, бæхдæнттæ, ниппурхæ кодтонцæ гъæууонхæдзарадон техникæ.

Гъезæмæрттæ æвзарун кодтонцæ гъæуи цæргутæн дæр. Цуппаринсæй анзи кæбæл цудæй, еци Екъоти Лежинкай тургъæмæ фæммедæг æнцæ дууæ немуцаг æфсæддони æма афицер. Гъавтонцæ, ци дууæ хъази имæ байзадæй, уони æрахæссун. Хæдзари æфсийнæ сæмæ тургъæмæ рацудæй æма сæ гъавта бауорамун. Уæд немуцаг афицер бардзурд равардта, цæмæй ибæл бензин бакалонцæ æма 'й уодæгасæй басодзонцæ. Немуцæгтæ ибæл бандзарстонцæ, сæхуæдтæ ба сæхе гъæуæй райстонцæ. Содзгæ силгоймаги фæдес гъæрмæ æ синхонтæ бæргæ æрбауадæнцæ, арт бæргæ фæххуссун кодтонцæ, фал æ сугъдтитæн нæ бафæразта æма дуккаг бон рамардæй.

Озреки 211 хæдзаремæй Райгурæн бæстæ гъæуай кæнунмæ рандæй 241 адæймаги, уонæй ба 118 фæстæмæ нæбал исæздахтæнцæ, Райгурæн бæсти сæрбæлтау сæ цард иснивонд кодтонцæ. Зæгъæн, Хъæбæлоти Иласи цуппар фуртемæй еу дæр нæбал исæздахтæй тугъди будуртæй. Сæхецæн ба айдагъдæр сæ хестæр Хъасболатæн байзадæй бийнонтæ. Æ цуппар фурти нæбал исæздахтæнцæ Цæрикъати Омари хæдзарæмæ дæр. Тугъдмæ ба рандæнцæ æхсæземæй. Габачити Бекмæрзæ, Дрети Аслæнбег, Хацъати Али, Шехинати Даукуй æма Хъæбæлоти Исмæили æртигай фурттæ дæр сæ цард равардтонцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау. Дугай фурттæ кæмæй нæбал исæздахтæй, уæхæн бийнонтæ дæр Озреки адтæй еуæндæс бийнонти. Кæмæндæрти ма бæргæ исбæрæг æнцæ се 'дзард тугъдонтæ, кæми æвæрд æрцудæнцæ, еци рауæнтæ. Иннетæ ба æнæбæрæгæй царæфтуд бацæнцæ. Берæ хæдзæртти колдуæрттæ æхгæд æрцудæнцæ, нæлгоймаг си ке нæбал байзадæй, уомæ гæсгæ. Уæлахезæй си ка исæздахтæй, етæ ба фæстугъд сæ уæззау цæфтæн ниффæразгæй, усхъæуæзæй райдæдтонцæ гъæу фæстæмæ æ къæхтæбæл ислæууун кæнунбæл архайун.

## «РОХСМÆ, ФÆСЕВÆД, ТУНДЗЕТÆ, РОХСМÆ ЦÆУЕТÆ ÆНГОМ!..»

Малити Геуæрги, нæ маддæлон æвзагбæл аййевадон литератури бундорæвæргутæй еу, советон цардиуаги арæзтади тæккæ райдайæни е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

*Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,*
*Рохсмæ цæуетæ æнгом,*
*Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,*
*Скæнтæ муггагмæ стур ном…*

Æ аци фæдзæхст ин Озреки дзиллæ уæд фегъустайуонцæ, уой бæлвурдæй нæ зонæн, фал уой ба зонæн, æма уæди рæстæгути æйййивддзийнæдтæ хъæбæр исразæнгард кодтонцæ гъæуи цæргути, уæлдайдæр ба æригæнтти, ахуради гъуддагмæ, зонундзийнæдти гъæздугдзийнæдтæй фæххайгин унмæ.

Евгъуд æноси райдайæни Озреки еунæг ахургонд адæймаг дæр нæ адтæй. Айдагъдæр цалдæремæй зудтонцæ араббагау кæсун.

Æма си скъола байгон кæнун куд ахсгиаг адтæй, уомæн зæгъæн дæр нæййес. Цæргути 'хсæн ахуради гъуддæгутæ рапарахат кæнуни ихæс æхемæ райста искурдиадæгин ахургæнæг æма рохситауæг Уæдати Сарабийи фурт Урузбий.

Æма 1927 анзи гъæуи аразун райдæдтонцæ скъола. Еугур цæргутæ дæр имæ хастонцæ сæ агъази хай. Устур бæрæгбони цау адтæй æ байгон кæнун озрекæгтæн, уæлдайдæр ба сабийтæн. Скъоладзаутæ ахур кæнунæй уæлдай ма разæнгардæй архайдтонцæ гъæубæсти царди еугур гъуддæгути дæр. Зæгъæн, цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ба скъолай ахургæнгутæ æма ахурдзаутæ Ирæфи билгæрони нийййаразтонцæ рæзæ бæлæстæ.

Нæуæг скъола нимад цудæй райдайæнбæл. Æдеугурæй си адтæй фондз къласи. Фæстæдæр ба си фулдæр ахургæнгутæ косун райдæдта. Скъола иссæй гъæуи културон центр. Ами арæзт цудæнцæ æмбурдтæ, æвдистонцæ си кинонивтæ, бæрæгбони концерттæ. Берæ фæлтæрдгун ахургæнгути гъуди кæнуй аци скъолай азгъунст. 1948 анзи ба иссæй астæуккаг скъола. Фиццаг рауагъдонти хæццæ адтæнцæ Хъæбæлоти Билар, Хъæбæлоти Гид æма Хацъати Замæдин. Озрекæгти 'хсæн еци æртæ рауагъдони тæккæ фиццаг райстонцæ уæлдæр ахурадæ. Берæ наукон косгутæ ка иссæй фæстæдæр, уæхæн ахурдзаутæ рацудæй аци скъолайæй. Абони дæр си ес, гъæуæн кадæ ка кæнуй æ архайдæй, уæхæнттæ. Гъулæггагæн, фиццаг ахургæнæг Уæдати Урузбийи ном абони дæр æносонгонд некæми ма 'рцудæй, утемæй ба уой агъазæй нæуæг скъолатæ никкидæр ма арæзт æрцудæй Анзорати, Зæронд Урухи, Ерохъи, Кахуни, Фиццаг Лескени, Кæсæги æма Дигори æндæр гъæути. Æцæг адæмон рохситауæг адтæй Уæдай-фурт.

Советон Хецауадæ 1957 анзи ба Озрекæн балæвар кодта нæуæг, 538 сабийæн ахур кæнуни равгæ кæми иссæй, уæхæн нæуæг астæуккаг скъолай азгъунст. Нерæнгæ дæр ма 'й гъæубæсти федауцæ – ес си райдзаст кълæстæ алли предметæн дæр, цæстуингæ æрмæгути хæццæ, киунугæдонæ.

Уой хæццæ ба ма 1970 анзи гъæуи байгон æй сувæллæнтти рæвдауæндонæ дæр.

Озреки цæргутæ æмхузон лæдæрд æвзагæй сæ кæрæдзей хæццæ дигорон, кæсгон æма уруссагау ке дзорунцæ, е айдагъ нæхемæ нæ, фал ма сауæнгæ Уæрæсей алли къумти дæр зундгонд æй. Аци гъæуæй рацæуæг адæймæгутæ разæнгардæй архайдтонцæ Граждайнаг æма Устур Фидибæстон тугъдтити, еумæ фæллойнæ кодтонцæ кустуæтти, заводти, колхозон будурти. Æ рæстæги Озреки Н.К. Крупскаяйи номбæл колхоз Кæсæг-Балхъари нимад адтæй тæккæ раззагдæр хæдзарæдтæй еуебæл.

Социалон-экономикон æгъдауæй Озрек уæлдай хъæбæрдæр райрæзтæй фæстугъд æнзти.

## БÆРÆГБОНИ АРФИТÆ



**ГАБАЧИТИ Тамерлан, Озреки гъæуи администраций сæргълæууæг:** ***«Нæ гъæубæсти сæйраг хæзна махæн æнцæ нæ адæм. Озрекæгтæй беретæ нæ райгурæн бæсти историй анзфинстмæ бахастонцæ сæ устур байвæрæн, кадæ æма ин ном искодтонцæ сæ берæвæрсуг архайдæй.***

***Ниллæг ковæн нæ сæртæй, Устур Фидибæстон тугъди æ цард ка равардта мах сæрбæлтау, еци æдзард тугъдонтæн. Æносон кадæ æма син намус! Мах сæрустур ан, нæ гъæуæй ци номдзуд лæгтæ рацудæй, уонæй. Ес нæмæ абони дæр ма Озреки кадæбæл никкидæр ма ка æфтауй, уæхæн цæрæццаг фæсевæд. Берети нæмттæ си игъустгонд æнцæ æнæгъæнæ Уæрæсебæл».***

6

***Жюль МИШЛЕ (1798-1874), французаг финсæг: «Райгурæн бæстæ, æхсæни цард (æрдзи нихмæ сæ не 'вæрæн, уотемæй) – айдагъдæр етæ дæттунцæ адæми уоди фарнæн сæхе раргом кæнуни фадуат. Уоми 'нцæ адæмихатти царди ратæдзæнтæ, сæребарæ ирæзти надбæл æй ка исаразуй, етæ...»***



Цæгат Иристони бæрзонд хуæрзеуæг – РÆМОНТИ Людмилæн.



Кæсæг-Балхъари бæрзонд хуæрзеуæг – ЦÆРИКЪАТИ Феликсæн.

# ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНÆГТИ ÆНОС...

Фæстаг рæстæгути ба никки зæрдæмæдзæугæдæр æ хузæ искалдта гъæуи цардарæзт: дууæуæладзугон хæдзæрттæ, астæуккаг скъола 538 бунатей хæццæ, сувæллæнтти рæвдауæндонæ 110 бунатей хæццæ, цардиуаги домæнтæ 'нхæстгæнæг кустуæттæ, гъæуккæгтæмæ фулдæрæй-фулдæр кæнунцæ хе рæуæг хуæдтолгитæ. Озрекæй рацудæй берæ зундгонд, æнтæстгинæй архайæг адæймæгутæ: ахургæндтæ, инженертæ, дохтиртæ, ахургæнгутæ, юристтæ, гъæууонхæдзарадон къабæзти специалисттæ, исфæлдистадон косгутæ, бæгъатæр тугъдонтæ.

### ГЪÆУБÆСТÆ Æ КАРИ ÆНЗТÆЙ НÆ, ФАЛ Æ ДЗИЛЛИ АРФИАГ ГЪУДДÆГУТÆЙ ФЕДАУЙ...

Озреки фулдæр дигорæнттæ цæрунцæ. Цæрунцæ ма си æндæр адæмихæттити минæвæрттæ дæр – кæсгæнттæ, уруссæгтæ, æссæнттæ, грекъæгтæ, авайрæгтæ...

Дæс æма инсæй анзей размæ рацудæй Хоцъати Мусай бацæттæгонд киунугæ «Озрек æма æ цæргутæ». Æма си куд амунд æй, уотемæй гъæуи уæди рæстæги цардæнцæ 352 бийнонти – 120 адæймаги, 57 аллихузон муггаги. Уони хæццæ: Хъæбæлотæ – 83 бийнонти, Галачитæ – 37, Цæрикъатæ – 22, Кокойтæ – 26, Габачитæ – 24, Къумехтæ – 20, Темирхъантæ – 16, Хъардантæ – 13, Кебектæ – 12, Дретæ – 8, Хутæ – 45, Цæмæхъатæ – 5, Хацъатæ – 4, Таухъазахтæ – 4, Шехинатæ – 4, Галетæ – 3 æма Баликъотæ – 3 бийнонти.

Иннæ муггæгтæй ма си ардæмæ еугай-дугай бийнонтæ æрбалигъдæнцæ 1926 анзи фæсте.

Озреки тæккæ устурдæр муггагбæл нимад цæунцæ Хъæбæлотæ, аци муггаги минæвæрттæ ма цæрунцæ, куд Кæсæг-Балхъари иннæ рауæнти, уотæ Иристони æма æндæр рауæнти, сауæнгæ Сирий дæр. Дуккаг ба 'нцæ – Галачитæ. Сæ нимæдзæ берæ 'й – Цæрикъатæн дæр куд Озреки, уотæ ма си дзæвгарæ цæруй Чиколай дæр. Гъæуи цæргутæ уæлдай сæрустур æнцæ гъæууон хæдзаради æновуд косгутæй, фал уæлдай сæрустур ба 'нцæ, идæрдтæбæл игъустгонд ка 'нцæ, сæ еци æмгъæуккæгтæй: Хъæбæлоти Биларæй, Кебекти Владимирæй, Хъæбæлоти Русланæй, Хъæбæлоти Муратæй, Хацъати Мæхæмæтæй, Хацъати Светланæй, Дрети Мухадин. Уотæ дæр ма зæгъун æнгъезуй, æма Кæсæг-Балхъари зæнхæбæл аци гъæубæсти дзиллæ уотид æмдзæрæг нæ иссæнцæ, фал син е иссæй сæ арфиаг гъуддæгутæй цитгингæнæг. Аци гъæубæстæй беретæ иссæнцæ айдагъ Кæсæг-Балхъарæн нæ, фал Цæгат Иристонæн дæр, Советон Цæдес æма Уæрæсейæн дæр кадæ æма намусхæссæг. Уонæй еу – Хъæбæлоти Емæзай фурт Билар. Уой алæмæти берæ æскъуæлхтдзийнæдтæй еу е адтæй, æма зингæ фæййахедгæдæр кодта Кæсæг-Балхъари æма Цæгат Иристони цæрæг адæмихæттити 'хсæн æнсувæрон рахастдзийнæдтæ. Берæ æнзти фæккуста æ райгурæн республики фæскомцæдесон æма партион разамунддæттæг бунæтти, фæстæдæр ба Цæгат Иристони, инсæй анзи æнтæстгинæй разамунд фæллæвардта нæ республикæн. Уотæ ма арфиагæй æримисун æнгъезуй орзекæгтæй хъæбæр берети…

Рæстæгутæ куд евгъуйгæ цудæнцæ, уотæ гъæубæсти цардиуаги дæр æйййивддзийнæдтæ куд нæ цудайуонцæ. Уогæ си цидæр æйййивддзийнæдтæ дæр æрцудæй – кæд æма æ исæнтæсти райдайæни си айдагъдæр дигорæнттæ цардæнцæ, уæд абони ба кæдзос дигорон гъæу æй, зæгъæн, æвæдзи, нæбал ес – уомæн æма си абони хæларæй цæрунцæ кæсгæнттæ, балхъайрæгтæ, æндæр адæмихæттити минæвæрттæ дæр. Æма гъæубæл сæдæ анзи ке исæнхæст æй, еци бæрæгбон исхонун æнгъезуй куд еугурадæмон. Уотæ ма 'й исхонун æнгъезуй уомæ гæсгæ дæр, æма сæ цийнæбæл син бацийнæ кæнунмæ æрбамбурд æнцæ айдагъ Кæсæг-Балхъари иннæ гъæутæй нæ, фал ма берæ æндæр рауæнтæй дæр.

Озреки цæргутæн сæ бæрæгбони сæ хæццæ бацийнæ кæнуни фæндæй уордæмæ Цæгат Иристонæй дæр уордæмæ рабалци кодта минæвæртти устур къуар, æ сæргъи нæ республики разамонæг Сергей Меняйло, уотемæй. Уонæн зæрдиагæй «Æгас цæуайтæ!..» загъта Кæсæг-Балхъари Сæргълæууæг Казбек Коков, æма син райарфæ кодта, айдагъ аци гъæубæстæн нæ, фал æнæгъæнæ республикæн дæр цийнаг ка иссæй, еци бæрæгбони сæ хæццæ бацийнæ кæнунмæ ке исаккаг кодтонцæ, уой туххæй.

Дууæ республикей разамонгутæн хуарз равгæ фæцæй еци бон ма косгæ æмбурд исаразунæн дæр. Бæлвурдæй æрдзубанди кодтонцæ культури, спорти, фæсевæдон политики, гъæууон хæдзаради, арæзтади къабæзти се 'мгустадæ идарддæр ахедгæдæр кæнуни фарстатæбæл.

Бæрæгбони мадзæлтти архайгæй, Сергей Меняйло æма Казбек Коков тæккæ фиццаг бацудæнцæ, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи аци гъæубæстæй ка фæммард æй, уони номерæн мемориалмæ, хъонцгæнгæй æримистонцæ æдзард тугъдонти рохс нæмттæ, сæ кадæн циртдзæвæни фарсмæ байвардтонцæ деденгутæ…

Еци бон ма дууæ республикей разамонгутæ бабæрæг кодтонцæ гъæуи астæуккаг скъола. Æ разамонæг Жаннæ Хачетлова сæ базонгæ кодта, аци ахургæнæндони дæс æма дууинсæй анзей размæ ке исаразтонцæ, еци тугъдон æма фæллойнадон намуси Музейи экспозицити хæццæ. Æркастæнцæ куд косуй сувæллæнтти хъæппæрести центр, ами ахурдзаутæн арæзт ес урух уавæртæ сæ исфæлдистадон æма социалон проекттæ царди уадзунæн.

Сергей Меняйло скъолайæн балæвар кодта дигорон æвзагбæл ахургæнæн киунугутæ 1-4-аг къласстæн æдеугурæй цуппар æма дууинсæй комплекти.

### КАДГИНÆЙ ЦАРДÆЙ, КАДГИНÆЙ ÆЙ ИМИСУНЦÆ




### АДÆМТÆ ÆНСУВÆРТИ ЦАРД КЕ КÆНУНЦÆ, Е УСТУР ЦИЙНИ ХУАСÆ 'Й!..

Аци гъæуи нацити 'хсæн культурон Центрæн лæвæрд æрцудæй Кæсæг-Балхъари фиццаг Президент **Валерий Кокови** ном. Æма еци Центри азгъунсти фарсбæл æвæрд æрцудæй æ номерæн мемориалон фæйнæг. Уой байгон кодтонцæ Сергей Меняйло æма Сергей Коков. Етæ кадгин иуазгути киунуги дæр ниффинстонцæ арфитæ нæуæг культурон тугъдади гъомусгин кусти туххæй.

Озреки сæдæ анзей юбилейон кадгин æмбурди Сергей Меняйло гъæуи цæргутæн райарфæ кодта уруссаг æма ирон æвзæгтæбæл.

– Хъæбæр æхцæуæн мин æй абони ами ун æма ме 'мзæнхонти райдзаст цæстингас уинун. Уæрæсей Президент еу æма дууæ хатти нæ загъта, нæ Фидибæстæн тухгин æма цардгъон ке 'й, ка си цæруй, еци адæмихæттитæй алкедæр си хъаурæгин ке 'й æ хуæдхузæй, уой фæрци. Махæн еци хъаурæдæттæг æнцæ нæ истори, културæ, маддæлон æвзаг. Арфæ кæнун Озреки гъæуи цæргутæн, Иристони æгъдæуттæ æма културæбæл еузæрдиуон ке айтæ, ке нæ сæ иронх кæнетæ, нæ хестæр фæлтæртæ æности сæрти ке рахастонцæ, уони æригон фæлтæртæмæ ке хъæртун кæнетæ, уой туххæй. Иристон æма Кæсæг-Балхъари адæмтæ æности дæргъи æнсувæрти цард ке кæнунцæ, е мин устур цийни хуасæ æй. Бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд! Мæ зæрдæ уин зæгъуй сабурдзийнадæ, фæрнугадæ, царди хуарздзийнæдтæ!

Казбек Коков Сергей Меняйлойæн райарфæ кодта, æхуæдæг ке 'рбацудæй æма ке архайуй гъæуи сæдæ анзей юбилейи, уой туххæй. Æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Цæгат Иристони раздæри разамонгути хузæн нæ дууæ республикей 'хсæн æнсувæрон рахастдзийнæдтæ ке федардæр кæнис, уомæн мах устур аргъ кæнæн. Озреки гъæуи цæргутæн ба зæрдиаг арфæ кæнун айдагъ сæхе нæ, фал нæ рæсугъд бæрæгбони фæдбæл. Еци сæдæ анзи идзаг æнцæ фæллойнадон æскъуæлхтдзийнæдтæ æма размæцуди æнтæстдзийнæдтæй. Мах зонæн, гъæуи цæргутæ Устур Фидибæстон тугъди дзамани Райгурæн бæстæ знагæй багъæуай кæнунмæ ци устур æвæрæн бахастонцæ, уой. Тугъди фæсте озрекæгтæ адæмон хæдзарадæ æ къæхтæбæл ислæуун кæнуни гъуддаги дæр иннетæн дæнцæн адтæнцæ. Берæ мадзæлттæ исаразтонцæ сæ национ културæ багъæуай кæнунæн дæр, æма уой фæрци нæ дууæ республики никки фæххæстæгдæр æнцæ кæрæдземæ, федардæр кæнунцæ айдагъ нæ хæлардзийнадæ нæ, фал ма нæ хæстæгдзийнади бастдзийнæдтæ дæр. Сумах размæ нифсгунæй цотæ. Дузæрдуг нæ кæнун, еци фæрнæйдзаг надбæл идарддæр уæлахезонæй ке цæудзинайтæ!

Гъæубæстæгтæй фæллойнæ æма исфæлдистадон кусти æскъуæлхтдзийнæдтæ ка равдиста, уони бæрæгбони кадæн исхуарзæнхгин кодтонцæ аллихузон хуæрзеугутæй. Цæгат Иристони æскъуæлхт артисти кадгин ном лæвæрд æрцудæй Цæрикъати Алан, Цæрикъати Альбинæ æма Цæрикъати Фатимæн.

Цæгат Иристони Сæргълæууæги Арфи финстæгæй исхуарзæнхгин кодтонцæ бунæттон гъæуи скъолай ирон æвзаг æма литератури ахургæнæг Рæмонти Людмили.

Кæсæг-Балхъари республики адæмон артисти ном равардтонцæ Цæрикъати Феликсæн.

Нæуæг догæ алкæддæр æ хæццæ нæуæг æйййивддзийнæдтæ 'рхæссуй. Абони Озреки цæргутæ дæр архайунцæ сæ фидтæлти кадæ бæрзонд хæссунбæл. Уой медæги æй царди идарддæри фарнæ.

***Аци æрмæгутæ бацæттæ кодтонцæ КОЛИТИ Витали, БИЧИЛТИ Алетæ.***

**Фондз æма авдинсæй анзей размæ (1880 анзи) æвæрд æрцудæй бундор Будури Дæргъæвсæн (Средний Урух).**



**Русофобия у Запада в крови: как свидетельствуют исторические факты, прием демонизации России Европа взяла на вооружение более пятисот лет назад.**

# ЕС В ПРИПАДКЕ

## РУСОФОБИЯ ИСКОРЕНИЛА ПОСЛЕДНИЕ ИЗВИЛИНЫ У ЛИДЕРОВ ЕВРОПЫ

Европейские лидеры, узнав про переговоры в Будапеште, взбесились, пишет FT. Венгрия остается одним из мест, где во главу угла поставлены мир и стабильность. Москва готова к диалогу, и именно такие площадки, свободные от русофобской истерии, открывают путь к урегулированию.

Заявление Дональда Трампа о том, что его следующий саммит с Владимиром Путиным состоится на площадке, которую предоставит пророссийски настроенный премьер-министр Венгрии, встревожило европейские столицы на фоне того, что президент США явно встал на сторону Москвы в вопросе о том, как положить конец конфликту на Украине.

На прошлой неделе лидеры США и России во время прошедшего в дружеской атмосфере телефонного разговора договорились провести еще одну встречу, на этот раз – в Будапеште. На следующий день Трамп потребовал от президента Украины Владимира Зеленского уступить требованиям Москвы.

Выбор места для проведения саммита вызвал раздражение в Киеве и ряде других европейских столиц, поскольку премьер-министр Виктор Орбан на протяжении долгого времени остается союзником России и демонстрирует критический настрой в отношении Европейского союза, несмотря на членство Венгрии не только в самом ЕС, но и в НАТО.

«Никому [эта идея] не нравится, – отметил один из европейских дипломатов ЕС. – Мы все улыбаемся сквозь зубы и говорим, что все в порядке».

В понедельник государственный министр по европейским делам ФРГ Гюнтер Кричбаум заявил, что «абсолютно необходимо, чтобы мы сейчас обсудили, как можно остановить этот конфликт», впрочем, подчеркнув при этом, что «Украина должна присутствовать за столом переговоров», иначе «соглашение будет обречено на провал».

В воскресенье Зеленский заявил, что «не считает Будапешт наилучшим местом для проведения такой встречи», учитывая последовательные усилия венгерского лидера по смягчению санкций против России и его несогласие с оказанием военной помощи Киеву.

«Я не верю, что премьер-министр, который повсюду блокирует Украину, может сделать что-то позитивное для украинцев или даже внести сбалансированный вклад», – сказал Зеленский, добавив, что он готов присутствовать на параллельной встрече с Трампом в Будапеште, если его попросят.

По-видимому, украинский лидер возложил по крайней мере часть вины на специального посланника президента Трампа Стива Уиткоффа, которому пришла в голову идея выбрать [предложить в качестве площадки для проведения саммита] Венгрию.

«Было много других достойных вариантов: Швейцария, Австрия, Ватикан, Саудовская Аравия, Катар, Турция», – добавил Зеленский.

Решение принять на своей территории Путина означало бы для Венгрии нарушение ей международных обязательств, поскольку Международный уголовный суд (МУС) выдал ордер на арест российского лидера. Будапешт заявляет о намерении выйти из-под юрисдикции МУС, однако при любом сценарии Венгрия вплоть до следующего лета будет вынуждена подчиняться его правилам. Ранее в этом году Орбан также принимал премьер-министра Израиля Биньямина Нетаньяху, несмотря на ордер на его арест, выданный МУС за совершение военных преступлений в секторе Газа.

«Не очень-то приятно… видеть, что человек, в отношении которого выдан международный ордер на арест, приезжает в европейскую страну», – заявила глава внешнеполитического ведомства ЕС Кая Каллас.

Министр иностранных дел Литвы Кестутис Будрис добавил: «Единственное [подходящее] место для Путина в Европе – в Гааге, перед трибуналом, а не в какой-либо из наших столиц».

Трамп, созвонившийся с Орбаном на прошлой неделе, похвалил его, назвав «лидером, который нам нравится», и добавил, что Путину «он нравится, мне он нравится», а Венгрия – «безопасная страна». «Думаю, он отлично справится с ролью принимающей стороны», – отметил американский лидер в пятницу.

В понедельник пресс-секретарь российского президента Дмитрий Песков заявил, что, хотя подготовка к саммиту еще не началась, с Орбаном «достаточно теплые отношения у президента Трампа и весьма конструктивные отношения – у президента Путина».

Москва ожидает, что по итогам российско-американской встречи сторонам удастся «продвинуться по мирному руслу украинского урегулирования – раз. Ну и также использовать встречу для обсуждения наших двусторонних отношений», – заявил Песков.

По словам источника из немецких официальных кругов, «ожидалось», что Орбан изложит свои планы в преддверии встречи Трампа и Путина, включая возможную встречу европейцев с президентом США, но при этом отметил, что пока что ничего не подтверждено. Ожидалось, что 30 октября в Будапеште состоится встреча глав российской и американской дипломатии, добавил чиновник.

Ожидается, что в ходе запланированной на четверг встречи в Брюсселе лидеры стран – членов ЕС согласуют использование замороженных активов России для предоставления кредита Украине в размере 140 миллиардов евро и одобрят новый пакет санкций, направленных на сокращение доходов Москвы. Европейские коллеги рассчитывают на позднее прибытие Орбана на этот саммит, чтобы достичь соглашения, поскольку венгерский лидер планирует сначала посетить праздничные мероприятия по случаю национального дня его страны.

На прошлой неделе Орбан заявил: «Мы не просто принимающая сторона; то, что Будапешт вообще остается местом, способным провести мирный саммит, само по себе является политическим достижением». Венгерский лидер раскритиковал глав государств – членов ЕС за неспособность поддерживать дипломатические отношения с Россией и вооружение Украины.

«Это большая победа для Орбана, – убеждена Дженнифер Кавана, аналитик из вашингтонского аналитического центра Defense Priorities, имеющего связи с администрацией Трампа. – Его считали изгоем, на него обрушивалось много критики… Это резкий отход от такого нарратива».

Эксперт отметила, что проведение саммита может оказать влияние на предстоящие весной выборы в Венгрии, когда Орбан столкнется с сильнейшим для себя соперником после 15-летнего пребывания у власти. «Для Орбана повышение роли Венгрии до уровня таких стран, как Турция, Вьетнам или страны Персидского залива, которые могут разговаривать с кем угодно в мире, безусловно, является повышением статуса».

Ботонд Феледи, проживающий в Брюсселе венгерский эксперт по геополитике, считает, что это достижение может сыграть на руку Орбану, но повредить европейскому единству, поскольку это было «именно то, чего европейцы с самого начала стремились избежать».

«Это успех в стиле Орбана», потому что он укрепляет «личные отношения между лидерами, и эти связи упираются во власть и ее сохранение», – отметил Феледи. – Ни одна европейская страна не должна быть заинтересована в содействии такому процессу».

«Еще один будапештский сценарий не принес бы позитивных перемен», – подытожил Зеленский, хотя и добавил: «если это может принести мир, [обстановка] не будет иметь значения».

На состоявшейся в понедельник в Люксембурге встрече министров иностранных дел стран – членов ЕС некоторые официальные лица «отметили, что в Будапеште уже была заключена одна сделка, и она закончилась не очень хорошо для Украины, – сообщил еще один источник из числа европейских дипломатов. – История имеет тенденцию повторяться».

***Мартон ДУНАЙ, Кристофер МИЛЛЕР, Элис ХЭНКОК (Financial Times, Британия)***

***Данную статью перепечатала газета «Советская Россия» (в номере от 23 октября 2025 г.)***

**Александр ПУШКИН**

## КЛЕВЕТНИКАМ РОССИИ

О чем шумите вы, народные витии?
Зачем анафемой грозите вы России?
Что возмутило вас? волнения Литвы?
Оставьте: это спор славян между собою,
Домашний, старый спор, уж взвешенный судьбою,
Вопрос, которого не разрешите вы.
Уже давно между собою
Враждуют эти племена;
Не раз клонилась под грозою
То их, то наша сторона.
Кто устоит в неравном споре:
Кичливый лях, иль верный росс?
Славянские ль ручьи сольются в русском море?
Оно ль иссякнет? вот вопрос.
Оставьте нас: вы не читали
Сии кровавые скрижали;
Вам непонятна, вам чужда
Сия семейная вражда;
Для вас безмолвны Кремль и Прага;
Бессмысленно прельщает вас
Борьбы отчаянной отвага —
И ненавидите вы нас…
За что ж? ответствуйте: за то ли,
Что на развалинах пылающей Москвы
Мы не признали наглой воли
Того, под кем дрожали вы?
За то ль, что в бездну повалили
Мы тяготеющий над царствами кумир
И нашей кровью искупили
Европы вольность, честь и мир?..
Вы грозны на словах — попробуйте на деле!
Иль старый богатырь, покойный на постеле,
Не в силах завинтить свой измаильский штык?
Иль русского царя уже бессильно слово?
Иль нам с Европой спорить ново?
Иль русский от побед отвык?
Иль мало нас? Или от Перми до Тавриды,
От финских хладных скал до пламенной Колхиды,
От потрясенного Кремля
До стен недвижного Китая,
Стальной щетиною сверкая,
Не встанет русская земля?..
Так высылайте ж к нам, витии,
Своих озлобленных сынов:
Есть место им в полях России,
Среди нечуждых им гробов.

*1831 г.*

**Во Владикавказе 27-29 октября 1920 года проходило краевое совещание коммунистических организаций Дона и Северного Кавказа с участием И. Сталина, г. Орджоникидзе, С. Кирова, Л. Сталь, Е. Стасовой и др.**

☺ *Зубной врач-женщина пациенту: «А помнишь, Федя, в школе ты сидел за мной и без конца колол меня булавкой?..»*
☺ *Беседуют два врача. Один очень расстроен: «Лечил больного от язвы, а вскрытие показало – рак...» Другой ему говорит: «А я месяц лечил человека от желтухи. Оказался китаец...»*
☺ *Медсестра советует больному: «Если хотите отблагодарить врача, сделайте это до операции, а иначе может быть поздно!..»*

ДÆХУÆДÆГ ДÆ ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆМÆ ЦÆСТÆДАРÆГ УО!..



# ТОГИ ÆЛХЪИВДАДÆ ÆМА ТОГДАДЗИНТТИ ЦАВД: ЦИУАВÆР ГЪÆУАМА УОНЦÆ?

Адæймаг дзæбæхгæнæндонæмæ куддæр бахауй кенæ имæ «тагъд агъаз» хæдзарæмæ ку ’рбацæуй, уæд ин дохтир, фиццагидæр, исбаруй æ тоги æлхъивдадæ æма базонуй тогдадзинтти цавд. Цума цæмæн уотæ ахсгиаг æнцæ аци бæрæггæнæнтæ? Цæмæ гæсгæ фæууй тоги æлхъивдадæ уæд æгæр бæрзонд, уæдта – ниллæг? Зæрдæ æгæр тагъд-тагъд кенæ хъæбæр сабургай ку гупп-гупп кæна, уæд е цæмæй тæссаг æй? Тоги æлхъивдадæ æма тогдадзинтти цавд æвдесунцæ, зæрдæ æма тогдадзинтти системæ куд косуй, уой. Бауæри алли хаймæ, алли рауæнмæ дæр тог хъæртун кæнуй тауæггурæ æма гъæугæ бауæргъæдтæ. Циуавæр бæрæггæнæн нимайгæ ’й тоги æлхъивдади гъæугæ бæрæггæнæнбæл? Уæдта, кæд байагорун гъæуй дохтири агъаз?

Куд тоги æлхъивдадæ, уотæ тогдадзинтти цавди бæрæггæнæн дæр еци-еухузонæй нæ лæууй. Алкедæр ни æнæрæстæфгæ нæ фæууй – физикон æгъдауæй еуцæйбæрцæдæр адæймаг ести ку ракосуй, уæд зæрди гупп-гупп фæккарздæр уй. Æнцад бадгæй ба, æ гупп-гупп фæууй сабур æма еци-еу хузæн.

Алли адæймагæн дæр тогдадзинтти цавди бæрæггæнæн еци–еу хузи уа, е раст нæй. Зæгъæн, сувæллонæн æма æ кари адæймагæн сæ тогдадзинтти цавд æй фæйнæхузи. Рæстæмбес бæрæггæнæнбæл нимад æй минутмæ 65-75 цавди. Аци бæрæггæнæн 20 цавдей бæрцæ ку фæмминкъийдæр кенæ ку фæффулдæр уй, уæд багъæуй дохтири агъаз æма унаффæ, уæхæн уавæри ци исаразун гъæуй, уой туххæй.

Каргун адæймагæн каст цæуй цавдæн айдагъ æ нимæдзæмæ нæ, фал, еухузон æй æви нæ, уомæ дæр. Цавд еухузон ку нæ уа, уæд е æй зæрдæн тæссаг нез – аритмия.

Спортæй ка архайуй æма физикон æгъдауæй федар ка ’й, уæхæн адæми тогдадзинтти цавди бæрæггæнæн фæууй ниллæгдæр, уомæн æма сæ зæрдæ алли цавдæн дæр тог фулдæр тæруй.

Тоги æлхъивдади бæрæггæнæн баст æй адæймагæн æ кари хæццæ, физикон æгъдауæй ибæл циуавæр уæзæ хауй, уой хæццæ, æ зæрдирахаст, эмоцитæ æма æкъарæнти хæццæ, сауæнгæ силгоймаг æма нæлгоймагæн аци бæрæггæнæн æй фæйнæхузи. Мадта организмтæ дæр аллихузон æнцæ, æма тоги æлхъивдадæ дæр фæууй аллихузон. Уомæ гæсгæ зонун гъæуй, рæстæмбесбæл нимад ка ’й, уæхæн бæрæггæнæн.

Тоги æлхъивдадæн ес дууæ бæрæггæнæни – уæллаг æма дæллаг. Фиццаг бæрæггæнæн дзорæг æй, зæрди карз кусти рæстæг тогдадзинтти фæрстæбæл тог циуавæр тухæй уæзæ кæнуй, уобæл, дуккаг ба – зæрдæ сабур уавæри ку фæууй, уæд. Аци дууæ бæрæггæнæней ’хсæн ци игъаугæдæрдзийнадæ ес, е æй тоги æлхъивдадæ, æма ниллæг ку уа, уæд адæймагмæ фæззиннуй тахикардия, бæрзонд – уæдта атеросклероз, зæрди лæмæгъ куст анемия æма æндæртæ.

Спорти ка архайуй, уонæн ахид сæ тоги æлхъивдадæ фæууй, цæйбæрцæ æнгъезуй, уомæй ниллæгдæр, зæгъæн, 100/60, фал сæхе хъæбæр хуарз фенкъарунцæ.

Адæймаг хестæргæнгæ куд цæуй, уотæ тоги æлхъивдади гъæугæ бæрæггæнæн дæр кæнуй бæрзонддæр. Нæуæгигурд сувæллонæн æ тоги æлхъивдадæ фæууй 80/50, анз ибæл ку рацæуй, уæдта ин исуй 96/66. Уой хæццæ, фондз анзей уæнгæ, биццеу уа, кизгæ уа, уæлдай си нæййес, аци бæрæггæнæн сæ дууетæн дæр æй еухузи. 18-20-анздзуд нæлгоймæгтæн тоги æлхъивдади гъæугæ бæрæггæнæн исуй 120/80, еци кари кизгуттæн ба – 115/70. Дæс æма æртинсæй анзи кæбæл рацæуй, еци нæлгоймæгтæн хуарзбæл нимад æй тоги æлхъивдади уæхæн бæрæггæнæн – 145/80-85, еци кари силгоймæгтæн ба – 155/85.

Ес, адæймаги ка нæ хъор кæнуй æма кустгъон ку фæууй, уæхæн тоги æлхъивдадæ дæр. Гæнæн ес, æма уой бæрæггæнæнтæ хецæн кæнонцæ рæстæмбес бæрæггæнæнтæй, фал адæймаг, уотемæй дæр æхе хуарз фæллæдæруй. Ка ин бæззуй, еци бæрæггæнæн адæймаг цæмæй зона, уой туххæй тоги æлхъивдадæ гъæуй барун еудадзугдæр. Абони е зин гъуддаг нæбал æй.

Зæрдæ æма тогдадзинтти уагæвæрди бæрæггæнæнтæ æгæр ку исбæрзонд уонцæ, уæд фæстæмæ кæсун нæбал гъæуй, бацæун гъæуй дохтирмæ, райдайун фулдæр æзмæлун, спортæй архайун. Е алке бон дæр æй. Æма уæ зæрдæбæл бадаретæ – незæй дзæбæх кæнуни бæсти си хе багъæуай кæнун æй хуæздæр.

***Медицинон профилактики республикон центр***

ХУÆРЗАУОДÆН



## «АГЪАЗ КÆНÆН НÆХЕУÆНТТÆН!..»

Сæрмагонд æфсæддон операций ка архайуй, уони бийнонтæн агъазæн Цæгат Иристони фæззиндтæй бригадæ «Агъаз кæнæн нæхеуæнттæн!..»

2024 анзæй фæстæмæ е фæййагъаз кодта 700 бийнонтемæй фулдæремæн. Тугъдонти бийнонти ку бабæрæг кæнунцæ, уæд социалон косгутæ æфсади службæгæнгути къабæзтæн балæдæрун кæнунцæ паддзахадæй сæмæ ци агъази хай хауй æма ’й куд райсун æнгъезуй, бакæнунцæ син юридикон æма психологон агъаз, фегъосун син кæнунцæ, республики санаторитæмæ балцæгтæ райсунæн ци гæгъæдитæ фæгъгъæуй, уони æрæмбурд кæнунæн, фегъосун син кæнунцæ, бæгъатæрти бийнонтæн лæвар ци культурон æма социалон мадзæлтти æй сæ бон архайун, уой.

Нæ республики цæугæ бригади куст хуарзбæл банимадтонцæ федералон æмвæзади. Партион проект «Женское движение Единой России»-мæ гæсгæ арæзт ци методикон æмбурдгонд æрцудæй «Лучшие региональные практики поддержки участников СВО и их семей», зæгъгæ, уордæмæ хаст æрцудæй иристойнæгти фæлтæрддзийнадæ дæр.

БАКÆСÆ ФИДТÆЛТИККОН ТАУРÆХЪ ÆМА ДИН ДЗÆБÆХÆН ИСБÆЗЗÆД!..

# АДÆЙМАГИ ЦАРДИ СÆЙРАГДÆР ХÆЗНА



Базæронд æй лæг. Æ иуæнгтæ нæбал кæсунцæ æ коммæ, æ сæр исхъел кæнун æ бон нæбал æй. Хуссуй уæлгоммæ æ хуссæни. Æ сæрмæ, æ алливарс хæлаурттæ сæ тунтæ ивазунцæ. Хъордарæг сæ нæййес. Зæронди не ’ндавунцæ. Уæззау гъудитæ æ сæри разелæ-базелæ кæнунцæ, æма æ зæрдæ нецæбæл бал цийнæ кæнуй.

Еци рæстæги имæ дуар кадæр æрбахуаста.

– Ка дæ? – асуст гъæлæсæй рагъæр кодта лæг.

– Де ’ригон бæнтти уарзондзийнадæ! Бауадзæ мæ, æма дин дæ тог искосун кæнон.

– Цæмæн раздахтæ? Ду мæ нæбал æндавис. Раздæхæ фæстæмæ, кæцæй æрбацудтæ, уордæмæ.

Раздахтæй уарзондзийнадæ, æма бабæй еу цубур рæстæги фæсте æрбайгъустæй дуари къурцц-къурцц.

– Ка дæ? Ци дæ гъæуй?

– Дæ раздæри есбон. Фæййагъаз кæнунмæ дæмæ фæззиндтæн.

– Дæ сæр мæ нæбал гъæуй. Нецибал мин фæййагъаз уодзæнæ. Алци дæ бон нæй! Цо фæстæмæ!

Ниссабур æй зæронди къæс, фал бабæй дуар кадæр æрбахуаста?

– Æз дæ раздæри æнæнездзийнадæ дæн. Бауадзæ мæ, æма дæ дæ къæхтæбæл ислæууун кæнон.

– Медæмæ, медæмæ! – бацийнæ ибæл кодта лæг, æма æ цæсгони æнцъулдтæ фæйнердæмæ рацудæнцæ.

Æнæнездзийнади хæццæ рохси цъирт никкастæй æ зæрдæмæ, æ иуæнгтæ ба базмалдæнцæ, фæффедардæр æй æ сæри хъанз. Æма бабæй имæ æрцудæй цæрун, косуни хъаурæ. Æрæздахтæнцæ имæ мулк æма уарзондзийнадæ дæр.

Æвæдзи, адæймаги царди алицидæр æнцойнæ кæнуй æнæнездзийнадæбæл.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 2313.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 24.10.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 24.10.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**